

Asistans pou Sèvis Piblik nan Massachusetts

Pwogram Asistans Pou Enèji Nan Kay pou Revni Fèb (LIHEAP)

Yo rele l tou **Fuel Assistance**, epi LIHEAP bay fanmi ki kalifye yo èd pou yo peye yon pati nan bòdwo chofaj ivè (gaz, elektrisite, lwil, pwopàn, bwa, oswa chabon). Elijiblite a depann de revni ak lòt faktè. Si gen chofaj ki enkli nan lwaye w, ou ka kalifye kanmenm si w peye plis pase 30% revni fwaye w pou lwaye a. Yo aksepte aplikasyon yo ant 1 Novanm ak 30 Avril.

Limit Revni LIHEAP 2023 – 2024

Gwosè Fanmi an	Revni Anyèl Maksimòm
1	\$ 45,392
2	\$ 59,359
3	\$ 73,326
4	\$ 87,294

Pou aplike: chèche ajans lokal ou an nan toapply.org/MassLIHEAP

The Good Neighbor Energy Fund (Fon Enèji pou Bon Vwazen)

Se yon pwogram Salvation Army, epi fon sa a disponib pou rezidan Massachusetts yo ki gen yon difikilte finansye tanporè epi ki **pa elijib pou LIHEAP**. Pou jwenn plis enfòmasyon epi jwenn ajans lokal ou a, vizite: magoodneighbor.org/assistance.html (Sitwèb sa a disponib an Anglè ak Espanyòl sèlman).

Rabè pou Sèvis Piblik

Sosyete gaz, elektrisite, konpayi telefòn lokal Envestisè posede yo (tankou Eversource ak National Grid) nan Massachusetts dwe ofri tarif redui pou sèten kay ki gen revni fèb ki resevwa avantaj asistans piblik. Rabè yo anjeneral se ant 25% ak 36%. Si konpayi w lan pa t enskri w otomatikman, ou ka mande si w kalifye. Limit revni an se menm jan ak pou LIHEAP (gade nan tablo ki anlè a). Si se minisipalite a ki posede sèvis piblik ou an (vil la posede l, pa egzansp, Holyoke Gas & Electric), li **pa** oblije ofri to rabè, gen kèk ki fè l, kidonk mande!

Pwoteksyon pou Yo Pa Koupe Sèvis Piblik

Remak: byenke pwoteksyon yo ki anba la a ka anpeche sèvis piblik la koupe sèvis ou, **ou responsab toujou pou peye bòdwo w yo. Si ou gen bòdwo ki poko peye, sèvis piblik yo ka voye bòdwo a bay yon ajans koleksyon, rapòte bòdwo a bay ajans rapò sou kredi e menm mennen w nan tribinal.** Pa egzanp si w se yon pwopriyetè kay, tribinal la ka bay lòd pou mete yon privilèj sou kay ou.

Difikilte Finansye

Pou kalifye pou pifò nan pwoteksyon pou yo pa koupe sèvis sa yo (pwoteksyon Tout Adilt 65 lane Oswa Plis yon tikras diferan) **ou dwe gen yon difikilte finansye.** Si revni ou mwens pase limit LIHEAP la (gade nan tablo ki anlè a) ou kalifye. Si revni ou yon tikras pi wo, ou ka kalifye si w ka montre sikonstans tankou gwo bòdwo medikal oswa yon pèt travay pa twò lontan. Si w gen LIHEAP, sèvis piblik la dwe konnen ou gen difikilte finansye. Sinon, ou ka soumèt fòmilè difikilte finansye pou sèvis piblik ou a (mande fòmilè a nan sèvis kliyantèl la).

Moratwa Ivè

Ant 15 Novanm ak 15 Mas chak ane, sèvis piblik Massachusetts pa ka koupe gaz (oswa elektrisite si yo sèvi pou fè sistèm chofaj la fonksyone) pou moun ki gen **difikilte finansye** (gade anlè a). Si w resevwa LIHEAP, sèvis piblik ou dwe enfòme ke w gen pwoteksyon pandan sezon ivè a, men sa pa toujou rive. Si sèvis piblik ou a eseye koupe sèvis ou pandan sezon ivè a, **mande konpayi w la fòmilè difikilte finansye yo a** epi voye l (ou ka bezwen renouvle l chak 3 mwa). Malerezman, pwoteksyon sa a pa aplike pou lwil, pwopàn, bwa, oswa chabon.

Maladi Grav

Si yon moun nan kay la gen yon maladi grav, EPI fanmi an kalifye kòmilè fwaye ki gen difikilte finansye (gade anwo a) lè sa, konpayi sèvis piblik la pa ka koupe gaz, elektrisite, oswa dlo. Pou jwenn pwoteksyon sa a, ou soumèt fòmilè difikilte finansye konpayi a epi voye lèt yon doktè bay ki di manm nan kay la gen yon maladi grav. Ou **pa** bezwen montre gen yon nesosite pou sèvis piblik la pou yo trete yon maladi grav la oswa pou anpeche yon maladi vin pi grav. Pwoteksyon sa a dire 90 jou pou yon maladi dire kout oswa 180 jou pou yon maladi ki egziste deja oswa yon maladi ki kwonik - byenke fòmilè difikilte finansye a ka dire sèlman 90 jou.

Tibebe nan Fwaye a

Si gen yon timoun ki poko gen 1 lane nan kay la, EPI fanmi an gen difikilte finansye (gade anwo a) lè sa konpayi sèvis piblik la pa kapab koupe gaz, elektrisite (gade nòt sou sèvis dlo). Pou jwenn pwoteksyon sa a ou dwe soumèt fòmilè difikilte finansye konpayi an avèk prèv laj timoun nan.

Tout Adilt nan Kay la gen 65 Lane oswa Plis

Si **tout manm adilt** nan kay la gen 65 lane oswa plis epi yo montre difikilte finansye, yo resevwa pwoteksyon pou yo pa koupe sèvis yo. **An pratik, montre ke tout manm adilt yo gen laj 65 oswa plis se bagay ki nòmalman ase pou pwoteje kont fèmti, kèlkeswa difikilte finansye a** paske konpayi sèvis piblik la dwe chèche pèmision nan men Depatman Sèvis Piblik (DPU) eta a pou koupe gaz, elektrisite oswa telefòn (gade nòt sou sèvis dlo) epi yo fè sa raman. Fè sèvis piblik ou an konnen tout adilt yo gen 65 lane oswa plis.

Nòt sou sèvis dlo – Konpayi dlo prive yo dwe respekte pwoteksyon sa yo. Konpayi dlo vil la posede pa oblije respekte pwoteksyon sa yo, menm si gen kèk ki fè l.

Bòdwo ki Depase Delè

Ou gen enkyetid sou jesyon bòdwo yo? Ou ka mande yon avoka, yon zanmi oswa yon fanmi pou yo resevwa kopi bòdwo ou yo ak avi yo. Moun sa a ka ede w jere bòdwo w yo, san li pa responsab limenm pou sa w dwe.

Pwogram Jesyon Aryere (Arrearage Management Program, AMP)

Chak konpayi sèvis piblik gaz oswa elektrisite **envestisè posede** dwe ofri yon pwogram **yon sèl fwa** ki anile bòdwo ki depase delè yo (“aryere”) apre yon peryòd tan. (Sèvis piblik minisipalite a posede **pa** oblije ofri AMP.) Si yo aksepte w nan yon AMP, ou dakò pou peye bòdwo chak mwa annantye epi alè. Konpayi sèvis piblik la dakò pou efase kèk nan montan ou dwe avèk chak peman konplè/alè an jeneral sou 12 a 36 mwa. Pwogram AMP yo varye selon konpayi an. **Ou dwe peye konplè epi alè chak mwa pou w rete nan pwogram sa a. Kidonk, li enpòtan pou ou dakò sèlman ak yon plan peman ki abòdab.**

Pou kalifye, ou dwe gen yon revni fèb (gade tablo ki anwo a) epi ou dwe gen yon gwo kantite bòdwo ki depase delè. Pou aplike, rele depatman sèvis kliyan konpayi sèvis piblik ou an - nimewo a ta dwe sou bòdwo w la.

Plan Peman yo

Si w pa kalifye pou yon AMP, ou dwe mande konpayi an pou òganize yon plan peman. Se yon akò pou ranbouse kantite lajan ki anreta a sou yon peryòd tan. **SI w kontakte konpayi an anvan sèvis la koupe** pou peman ki pa fèt, sèvis piblik la dwe pèmèt ou remèt kantite lajan ki depase delè a sou kat mwa (nan kat peman egal).

Konsèy: Si w pa gen mwayen pou peye plan peman an, omwen peye sa ou kapab. Konpayi sèvis piblik la gen mwens chans pou koupe sèvis la si ou peye menm yon ti montan chak mwa nan sa ou dwe a.